



Yon Gid sou Kredi Taks Vil New York

Gen plizyè kredi ki disponib:

- New York City child and dependent care credit (Kredi taks Vil New York pou swen timoun ak depandan)
- New York City earned income credit (Kredi taks Vil New York pou revni ou reyalize)
- New York City household credit (Kredi taks Vil New York pou moun nan kay la)
- New York City school tax credit (Kredi taks Vil New York pou lekòl)
- New York City enhanced real property tax credit (Kredi nan taks amelyore Vil New York sou byen imobilye)

New York City child and dependent care credit (Kredi taks Vil New York pou swen timoun ak depandan)

Ou gen dwa pou jwenn kredi sa a si:

- ou te yon rezidan Vil New York pandan yon ane okonplè oswa pandan moso ane,
- ou te peye frè pou swen pou timoun pou omwen yon timoun ki te gen mwenske katran nan 31 desanm,
- revni ajiste anvan taks federal ou te \$30000 oswa mwens, **epi**
- ou te kalifye pou mande kredi taks Eta New York pou swen timoun ak depandan (Ou gendwa reklame toude ni kredi eta a ni kredi vil la.)

Ki montan kredi a?

Kredi a kapab jiska 75% kredi taks Eta New York la.

Pou aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Form IT-216, *Claim for Child and Dependent Care Credit*, (Fòm pou reklame kredi taks pou swen timoun ak depandan) ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ki disponib ann anglè sèlman).

New York City earned income credit (Kredi taks Vil New York pou revni ou reyalize)

Ou gen dwa pou jwenn kredi sa a si:

- ou se yon rezidan Vil New York pandan yon ane okonplè oswa rezidan Vil New York pandan moso ane, **epi**
- ou te mande kredi taks federal pou revni ou reyalize.

Kredi sa a se anplis Kredi taks Eta New York pou revni ou reyalize.

Ki montan kredi a?

- Kredi a kapab jiska 5% kredi taks federal yo ka akòde pou revni ou reyalize.
- Pou rezidan pandan moso ane yo, montan kredi a depann de revni w Vil New York kapab pran taks sou li.

Pou aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Form IT-215, *Claim for Earned Income Credit*, (Fòm pou reklame kredi taks pou revni ou reyalize) ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ki disponib ann anglè sèlman).

New York City household credit (Kredi taks Vil New York pou moun nan kay la)

Ou gen dwa pou jwenn kredi sa a si:

- yo pa kapab reklame w kòm depandan sou deklarasyon taks federal yon lòt kontribyab,
- ou se yon rezidan Vil New York oswa rezidan Vil New York pandan moso ane, **epi**
- ou ranpli kondisyon sa yo pou revni:

Deklare taks antan	Revni ajiste anvan taks federal	Montan kredi a
<ul style="list-style-type: none">• Selibatè	\$12,500 oswa mwens	Jiska \$15
<ul style="list-style-type: none">• Marye ki deklare taks ansanm• Chèf fanmi ki gen moun ki fè l kalifye• Vèf (vèv) kalifye ki gen timoun depandan	\$22,500 oswa mwens	\$10 a \$30, plis \$10 a \$30 anplis pou chak egzansyon anplis ou reklame sou deklarasyon taks federal ou

Pou aplike pou kredi sa a:

- **Rezidan Vil New York pandan yon ane okonplè** dwe reklame kredi sa a dirèkteman sou deklarasyon taks sou revni yo.
- **Rezidan Vil New York pandan moso ane** dwe ranpli Form IT-360.1, *Change of City Resident Status* (Fòm IT-360.1, Chanjman Vil Rezidans) (ki disponib ann anglè sèlman), epi soumèt li ansanm ak deklarasyon taks yo.

New York City school tax credit (Kredi taks Vil New York pou lekòl)

Ou gen dwa pou jwenn kredi sa a si:

- ou se yon rezidan Vil New York oswa rezidan pandan moso ane, **epi**
- yo pa kapab reklame w kòm depandan sou deklarasyon taks federal yon lòt kontribyab.

Ki montan kredi a?

- moun ki marye ki deklare taks ansanm ak vèf (vèv) kalifye ki gen timoun depandan: jiska \$125
- tout lòt kontribyab: jiska \$63.

Fason pou reklame kredi sa a:

- Si ou ranpli yon fòm deklarasyon taks pèsònèl Eta New York, ou dwe reklame kredi sa a dirèkteman nan fòm deklarasyon taks ou.
- Si ou pa gen obligasyon pou ranpli yon fòm deklarasyon taks nan Eta New York, ou toujou ka reklame kredi sa a depi ou:
 - ranpli fòm taks ou sou entènèt [gratis](#) dirèkteman sou sitwèb nou, oswa
 - voye Fòm NYC-210, [Reklamasyon pou Kredi Nan taks Vil New York pou Lekòl](#) (enstrikyon non Anglè).

Kredi nan taks amelyore Vil New York sou byen imobilye

Ou gen dwa pou kredi sa a si ou:

- revni fanmi ou anvan dediksyon te mwens pase \$200,000 dola,
- te nan menm kay la nan Vil New York pandan sis (6) mwa oswa plis,
- te yon sitwayen Eta New York pandan tout ane nan taks la,
- yo pa t kapab reklame ou kòm yon depandan sou fòm deklarasyon taks federal sou revni yon lòt kontribiyab.
- te gen yon adrès ki pa t egzante nèt pou taks sou byen imobilye, epi
- dwe satisfè kondisyon yo kòm yon pwopriyetè oswa yon lokatè anba la a:
 - Antan yon pwopriyetè kay, oumenm oswa madanm ou te peye taks sou byen imobilye ak nenpòt peman lwaye ou te resevwa pou itilizasyon ki pa pou abite nan kay ou te 20% oswa mwens peman lwaye total ou te resevwa.
 - Kòm yon lokatè, oumenm oswa yon moun nan fanmi ou te peye lwaye pou adrès ou.

Ki kantite lajan ki nan kredi a?

- Kredi a kapab rive jiska \$500 dola.

Fason pou reklame kredi a

Si ou ranpli fòm deklarasyon taks pèsonèl Eta New York ou, reklame kredi sa a sou fòm deklarasyon taks ou depi ou ranpli Fòm NYC-208 ansanm avèk deklarasyon taks ou.

Si ou pa gen obligasyon pou ranpli yon fòm deklarasyon taks Eta New York, ou toujou ka reklame kredi sa a.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou fason pou reklame kredi sa a, gade Fòm NYC-208, [Reklamasyon pou Kredi Eta New York Amelyore sou Byen Imobilye](#), ak enstriksyon li yo (disponib nan lang Anglè sèlman).